

Kijan pou Prepare pou yon Rankont sou Plan Soutyen

Kòmanse panse ak objektif, bezwen ak sèvis pèsonèl yo.

Poze tèt ou kesyon anvan rankont sou plan soutyen an:

1. Kisa ki enpòtan pou mwen?
2. Kisa mwen ta renmen chanje?
3. Ki èd mwen bezwen?
4. Èske gen yon bagay ki chanje pou mwen depi ane pase?
5. Kiyès ki ka ede m pran desizyon?

Kominikasyon

- Moun kominike nan diferan fason. Kowòdonatè Soutyen pou Egzanpsyon ou an pral aprann kijan ou renmen kominike pou ou ka ekspri tèt ou san baryè kominikasyon.
- Plan soutyen ou an ta dwe ekri nan langaj ki klè pou ou ka konprann li.
- Si anglè pa lang matènèl ou, APD ap founi ou yon kopi plan soutyen ou an nan lang matènèl ou. Pou asistans, tanpri kontakte **supportplantranslation@apdcares.org**



PLAN SOUTYEN KI BAZE SOU MOUN

Sa kliyan APD iBudget Florida ak Consumer-Directed Care Plus (CDC+) yo bezwen konnen sou Planifikasyon ki Baze sou Moun lan



4030 Esplanade Way, Suite380
Tallahassee, FL 32399-2273
1-866-APD CARES (1-866-273-2273)
(850) 488-4257
apdcares.org



agency for persons with disabilities
State of Florida

Planifikasyon ki Baze sou Moun lan

ede ou dekouvri sa ou vle pou tèt ou. Pale ak Kowòdonatè Soutyen pou Egzanpsyon ou an, zanmi ak fanmi ou ka ede ou detèmine objektif ak rèv ou yo. Kowòdonatè Soutyen pou Egzanpsyon ou an ta dwe ede ou pandan tout lane an ak Planifikasyon ki Baze sou Moun ou an.

Yon **Plan Soutyen ki Baze sou Moun** se kote Kowòdonatè Soutyen pou Egzanpsyon ou an pral ekri objektif ou te ba yo an epi ede ou planifye vizyon ou pou demen.

Plan Soutyen ki Baze sou Moun ou an ta dwe esplike::

- Kote ou vle viv e ak kiyès
- Kote ou vle travay
- Kijan ou vle enplike nan kominote an
- Objektif, akonplisman ou yo ak eksperyans ou ta renmen fè yo
- Kilti famiyal ak atant san parèy ou yo
- Sèvis ou chwazi yo
- Kijan pou satisfè bezwen ou yo epi abòde risk

Revandikasyon pou tèt ou vle di ou gen dwa pou fè chwa ak desizyon sou lavi ou, e ou pran responsablite pou chwa sa yo. Ou ka mande sa ou bezwen epi vle. Plan Soutyen ki Baze sou Moun lan ta dwe montre sa ou te di an. Si l pa fè sa, ou gen dwa pou di Kowòdonatè Soutyen pou Egzanpsyon ou an ak lòt moun plan soutyen an bezwen chanje pou l montre chwa ou yo kòrèkteman. Pou yon resous lokal pou revandikasyon pou tèt ou, verifye Florida Self-Advocates Network'd (FLSAND) <https://www.flsand.org/>.

Kijan Pwosesis lan Fonksyone

Pre-Planifikasyon

- Panse ak dezi epi objektif ou yo, bezwen ou yo epi ki sèvis ou vle.
- Di Kowòdonatè Soutyen pou Egzanpsyon ou an kiyès pou l envite nan seyans planifikasyon ou an epi kibò pou fè rankont. Si ou gen yon reprezantasyon jiridik, yo ap toujou ladan l.

Rankont sou Plan Soutyen

- Kowòdonatè Soutyen pou Egzanpsyon ou an pral ede ou pran desizyon sou baz sa ou renmen fè e sa ou bezwen, e yo pral ede ou kreye plan derechanj.
- Kowòdonatè Soutyen pou Egzanpsyon ou an pral founi ou enfòmasyon ak soutyen nan priz desizyon ou yo.
- Kowòdonatè Soutyen pou Egzanpsyon ou an pral aprann ou sou fason pou peye sèvis ou bezwen yo.
- Kowòdonatè Soutyen pou Egzanpsyon ou an pral analize bezwen ou yo epi ede ou devlope plan ak plan derechanj pou prepare pou tout sousi sante oswa sekirite.

Mizajou ki ap dewoule yo

- Ou ka mete plan soutyen ou an ajou nenpòt kilè, senpman rele Kowòdonatè Soutyen pou Egzanpsyon ou an.
- Ou ap jwenn yon kopi plan ou an nan lang ou konprann pi byen an. Asire w ou verifye l anvan ou siyen l.